

**Palm Springs Community Middle School**  
**1560 Kirk Road**  
**Palm Springs, FL 33406**

Chè Paran/Responsab,

Objektif lèt sa a se pou enfòme w pitit ou a pral pran Egzamen ki baze sou òdinatè pou Klas 6<sup>yèm</sup>/7<sup>yèm</sup>/8<sup>yèm</sup> *Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)* Evelyasyon ekriti nan 2 avril: 6yèm ane ak 3 avril: 7yèm ak 8yèm ane. Yo administre Evelyasyon ekriti B.E.S.T. la nan yon sesyon 120 minit, epi elèv yo kapab travay jiska mwatye yon jounen nòmal. epi yo pral ba w enfòmasyon sou fason pou jwenn rezulta yo apre tès la fin konplete

Si oumenm oswa pitit ou a ta renmen repase pratik tès sou òdinatè a lakay, pratik tès la ak sèten tès yo pibliye disponib nan <https://flfast.org/families.html>.

Tanpri, repase règleman sa yo avèk pitit ou avan egzamen yo:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv yo itilize okenn aparèy elektwonik; sa enkli, men pa limite ak, telefòn pòtab, telefòn entèlijan, linèt entèlijan, ak mont entèlijan nan moman tès la oswa pandan yo pran poz (egzanp, ale nan twalèt) **menmsi aparèy yo etenn oswa elèv yo pa itilize yo**. Si yo jwenn pitit ou avèk yon aparèy elektwonik, oswa si yo jwenn li ap itilize Bluetooth/ kas ekoutè san fil /ekoutè pandan tès la, y ap anile tès li a.
- **Bay Akò sou Règleman Tès** — Tout tès yo enkli yon Akò sou Règleman Egzamen yo ki di konsa: "Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen. Si mwen pa respekte règleman sa yo, yo kapab anile nòt egzamen mwen." Avan egzamen an kòmanse, adminitratè tès la ap li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règleman egzamen yo lè w klike sou yon ti bwat ki bò « secure browser » ki endike yo konprann règleman tès yo.
- **Pale sou Kontni Tès la apre Egzamen** — Dènye pòsyon règleman egzamen an y ap li pou elèv yo avan yo klike nan bwat pou aksepte Akò sou Règleman Egzamen an, ki deklare poutèt kontni tout egzamen yo sekirize, elèv yo pa dwe diskite oswa revele detay sou kontni tès yo (enkli atik, pasaj ak kesyon nan tès la) apre yo fin pran tès la. Sa enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imel, oswa poste nan sit medya sosyal yo." Tanpri, fè sèten pitit ou konprann règleman sa avan egzamen yo epi fè yo sonje "diskite" sou kontni tès la enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks, imel, poste nan sosyal medya, oswa pataje sou entènèt. **Pandan elèv yo pa dwe pataje enfòmasyon sou kontni egzamen yo ki sekirize, règleman sa a pa fèt pou anpeche elèv pale sou eksperyans egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandan**—Elèv yo responsab pou fè travay yo pandan egzamen an epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt elèv pa wè yo. Si yo kenbe elèv yo ap pran poul pandan egzamen an, y ap anile tès yo.
- **Kite Lokal Lekòl la**—Si pitit ou kite lokal lekòl la avan li fini yon sesyon egzamen (tankou pou dejene, randevou), yo **p ap** otorize l retounen nan sesyon tès sa a. Si pitit ou pa santi l byen pandan jou egzamen an, li kapab pi bon pou li tann epi pran tès la nan yon jou ratrapaj. Tanpri sonje pou **p** pran randevou nan jou ki pwogram pou egzamen.
- **Akomodasyon pou Tès**—Si pitit ou genyen yon Plan Edikasyon Endividiyèl (IEP), yon plan Seksyon 504, oswa li se yon Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) oswa li te fèk soti nan ELL, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou akomodasyon pou tès yo pral bay li.
- Tanpri sonje, nan ka yon iregilarite egzamen rive nan sal egzamen elèv ou a, nan kad yon ankèt lekòl la, yo kapab poze elèv ou a kesyon pou bay klarifikasyon sou ensidan an.

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan administrasyon tès sa a, ou kapab kontaktelekòl la nan 561-434-3300. Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram Evelyasyon Eta Florid, tanpri, vizite pòtal la nan <https://flfast.org/fsa.html>.

Mèsi poutèt w ap sipòte pitit ou epi ankouraje l fè tout efò li pandan l ap pran egzamen an.

Sensèman,

Dr. Pamela McDonnough

